



Pou Piblikasyon Imedya: 23/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE PREZIDAN TRUMP PA GEN PLAN VOYE AJAN FEDERAL NAN VIL NEW YORK

Li Anonse Ke Eta Te Teste Moun Ki Nan Prizon ki gen Plis Pase 55 Ane yo pou COVID-19: 1.9 Pousan Tès yo Te Pozitif

Li anonse Ke Lapolis Eta a ak Otorite Likè Eta a pral Dirije Fòs Entèkansyon pou Mennnen Ankèt epi Fèmen Etablisman Ki Pa Respekte Nòm Sekirite yo

Reyitere Apèl pou Finansman Federal pou Gouvènman Eta ak Lokal yo

Li Lanse Nouvèl Kanpay Piblisite ki Sible Moun Ki Jèn yo

Ospitalizasyon yo bese nan 706—Nouvo bèss depi 18 mas

1,16 Pousan Tès yo Te Fè Yè pou COVID-19 yo te Pozitif

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Prezidan Trump te di li ke yo pa pral voye ajan federal yo nan moman sa a nan Vil New York. Prezidan an te di ke li ta pral diskite deplwaman ajan yo ak gouvènè a anvan li pran yon desizyon. Eta New York pral kontinye sipèvize gouvènman federal la de prè pou nenpòt chanjman nan politik yo.

Gouvènè Cuomo te anonse tou rezilta yon inisyativ tès elaji nan Depatman Koreksyonèl ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision) Eta New York la pou teste moun ki gen laj 55 an ak pi plis yo. Sou prèske 4,000 moun yo te teste, 77 te teste pozitif, sa ki koresponn a yon nivo enfeksyon 1.9 pousan.

Gouvènè a te anonse tou kreyasyon yon fòs entèkansyon ant divès ajans pou konbat vyolasyon distans sosyal nan restoran ak bar yo atravè eta a. Lapolis Eta New York (New York State Police) ak Prezidan Otorite Likè Eta a (State Liquor Authority) Vincent Bradley pral dirije efò sa a, ki pral itilize enfòmasyon an tan reyèl pou entansifye efò ranfòsman yo lè yo ap rapidman deplwaye anketè ki pou fè entèkansyon pou vyolasyon distans sosyal ki danjere yo lè sa rive. Fòs Entèkansyon an gen ladan anketè ki soti nan Depatman Sante (Department of Health), Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS), Depatman Veyikil Motorize (Department of Motor Vehicles), Depatman Fiskalite ak Finans (Department of Taxation and Finance), Fon Asirans Eta

New York (New York State Insurance Fund) ak Depatman Agrikilti ak Mache yo (Department of Agriculture and Markets).

Gouvènè a te reyitè tou apèl li lanse pou gouvènman federal la bay finansman pou gouvènman eta ak lokal yo.

Gouvènè Cuomo te lanse yon nouvell kanpay piblisite ki sible moun ki jèn yo. Nivo COVID-19 an mwayèn pa semèn pami moun ki gen laj ant 21 a 30 ane yo te ogmante rive nan 13.2 pousan soti nan 9.9 pousan.

Gouvènè a te bay tou Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 ki ankou a. Kantite nouvo ka yo, pousantaj tè ki te pozitif ak anpil lòt pwèn enfòmasyon itil yo toujou disponib sou paj forward.ny.gov.

"Prezidan an te sigjere ke li ta pral voye ajan federal nan Vil New York. Mwen te pale ak Prezidan an sou sa, epi mwen pa kwè ke gen okenn jistifikasyon pou voye twoup federal oswa ajan federal yo nan Vil New York, epi mwen te di li sa", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pa gen pwopriyete federal ki an danje ki ta ka jistifye pou fè gouvènman federal la voye ajan yo. Lwa konstitisyonèl yo klè sou sa. Nasyon an pa gen yon fòs lapolis federal ki pou deplwaye nan diskresyon yo. Se Eta a ki responsab pou mete sèvis lapolis. Mwen te gen yon bon konvèsasyon ak Prezidan an. Li te di ke li pa ta pral voye twoup nan Vil New York. Li pa't di pwèn final, mwen pale epi se sa, men li te di ke nou ta pral pale ansanm anvan li fè nenpòt bagay."

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 706 (-8)
- **Pasyan ki Fèk Entènè nan Lopital** - 71 (-10)
- **Lopital Konte yo** - 31
- **Kantite ICU** - 160 (-19)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 93 (-3)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 72,466 (+80)
- **Kantite Lanmò** - 13
- **Kantite Lanmò Total** - 25,081

Sou 69,698 tè yo te reyalize nan Eta New York yè, 811, oswa 1,16 pousan, te pozitif. Pousantaj tè pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo se jan nou pral site la a:

| REJYON | LENDI | MADI | MÈKREDI |
|------------------|-------|------|---------|
| Capital Region | 1.4% | 1.3% | 1.6% |
| Central New York | 1.0% | 0.7% | 0.8% |
| Finger Lakes | 0.9% | 1.2% | 0.6% |
| Long Island | 1.4% | 1.0% | 1.4% |
| Mid-Hudson | 1.1% | 0.9% | 0.9% |
| Mohawk Valley | 1.6% | 0.9% | 0.8% |

| | | | |
|------------------|------|------|------|
| New York City | 1.4% | 1.2% | 1.3% |
| North Country | 0.6% | 0.5% | 0.6% |
| Southern Tier | 1.3% | 0.6% | 0.6% |
| Western New York | 1.6% | 0.9% | 1.5% |

Gouvènè a te konfime tou 811 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 409,697 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 409,697 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se jan nou pral site la a:

| Konte | Total Pozitif | Nouvo Pozitif |
|--------------|----------------------|----------------------|
| Albany | 2,401 | 32 |
| Allegany | 72 | 0 |
| Broome | 934 | 4 |
| Cattaraugus | 148 | 1 |
| Cayuga | 135 | 1 |
| Chautauqua | 212 | 2 |
| Chemung | 157 | 1 |
| Chenango | 194 | 3 |
| Clinton | 114 | 0 |
| Columbia | 497 | 0 |
| Cortland | 80 | 3 |
| Delaware | 95 | 2 |
| Dutchess | 4,400 | 13 |
| Erie | 8,187 | 52 |
| Essex | 54 | 0 |
| Franklin | 42 | 0 |
| Fulton | 268 | 1 |
| Genesee | 260 | 2 |
| Greene | 273 | 1 |
| Hamilton | 6 | 0 |
| Herkimer | 213 | 2 |
| Jefferson | 120 | 7 |
| Lewis | 34 | 1 |
| Livingston | 161 | 0 |
| Madison | 388 | 0 |
| Monroe | 4,511 | 19 |
| Montgomery | 145 | 1 |
| Nassau | 42,816 | 51 |
| Niagara | 1,405 | 10 |
| NYC | 222,832 | 388 |
| Oneida | 1,980 | 5 |

| | | |
|--------------|--------|----|
| Onondaga | 3,344 | 18 |
| Ontario | 334 | 1 |
| Orange | 10,968 | 8 |
| Orleans | 288 | 0 |
| Oswego | 234 | 2 |
| Otsego | 102 | 1 |
| Putnam | 1,397 | 3 |
| Rensselaer | 669 | 1 |
| Rockland | 13,820 | 8 |
| Saratoga | 663 | 13 |
| Schenectady | 946 | 10 |
| Schoharie | 66 | 2 |
| Schuyler | 20 | 0 |
| Seneca | 80 | 0 |
| St. Lawrence | 253 | 3 |
| Steuben | 284 | 1 |
| Suffolk | 42,715 | 94 |
| Sullivan | 1,475 | 2 |
| Tioga | 175 | 0 |
| Tompkins | 213 | 4 |
| Ulster | 1,911 | 2 |
| Warren | 290 | 2 |
| Washington | 252 | 1 |
| Wayne | 238 | 2 |
| Westchester | 35,667 | 31 |
| Wyoming | 108 | 0 |
| Yates | 51 | 0 |

Yè, te gen 13 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,081. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

| Ka lanmò yo dapre konte rezidans | |
|---|--------------------------|
| Konte | Nouvo ka lanmò yo |
| Bronx | 2 |
| Broome | 1 |
| Kings | 2 |
| Manhattan | 1 |
| Onondaga | 1 |
| Orange | 2 |
| Queens | 1 |

| | |
|-------------|---|
| Rockland | 1 |
| Westchester | 1 |
| Non-NYS | 1 |

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)